



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK PWOKIRÈ MANHATTAN VANCE ANONSE RESIPYANDÈ
PRIM 7.3 MILYON DOLA ENVESTISMAN NAN EDIKASYON NIVO KOLÈJ AK
SÈVIS RE-ANTRE OSEN PRIZON ETA NEW YORK**

***Investisman sa a pral Kreye plis pase 2,500 Plas pou Pwogram Re-antre Kolèj-
nan-Prizon an sou Senkan, nan 17 Etablisman Koreksyonèl Eta New York***

***Sèt Kolèj ak Inivèsite Eta New York Soti Gayan nan yon Konpetisyon ki te jwenn
finansman atravè [Inisyativ Investisman Jistis Kriminèl](#) Biwo Pwokirè Manhattan***

***Redui Konpòtman Kriminèl atravè Pwogram Edikasyon nivo Kolèj nan prizon yo,
fè pati [Inisyativ Priyorite Lejitim](#) Gouvènè Cuomo an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Pwokirè Manhattan Cyrus R. Vance, Jr. te anonse yo te bay yon prim 7.3 milyon dola pou finance, sou senkan k ap vini yo, yon pwogram edikasyon ak sèvis re-antre nan 17 prizon Eta New York. Pwogram Re-antre Kolèj-nan-Prizon an (College-in-Prison Reentry Program) te jwenn finansman nan men Inisyativ Investisman Jistis Kriminèl (Criminal Justice Investment Initiative, CJII) Biwo Pwokirè Manhattan nan (Manhattan District Attorney's Office). Li pral kreye plis pase 2,500 plas pou edikasyon nivo kolèj ak fòmasyon pou prizònye New York, toupatou nan eta a. Pwogram sa a ap bon jan ogmante chans pou prizònye yo jwenn siksè apre yo tounen osen kominote a, kidonk pwogram nan va diminye pousantaj residiv.

“Prizon pa la sèlman pou moun peye pou krim yo fè. Se yon opòtinite pou ede moun ki te fè erè reprann tèt yo e rebati lavi yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Se yon bagay ki vin klè: yon edikasyon nivo kolèj se yon zouti enpòtan pou yon moun jwenn siksè, e gras a patenarya avèk Pwokirè Vance, siksè sa a se va yon posibilite pou senten moun ki p at janm panse yo te kapab jwenn li. Pwogram sa a pa sèlman kore avni prizònye yo ak kominote yo, li pral pèmèt kontribiyab yo sere lajan alalong.”

“Li pa fè okenn sans pou voye yon moun nan prizon san nou pa montre l chemen pou li reyisi lè li rive soti”, **Pwokirè Vance te deklare.** “Investisman nan pwogram edikasyon nivo kolèj se yon fason ki efikas pou anpeche residiv ki danjere e pou mentni kominote nou an sekirite. Mwen remèsye bousye jodi a ki rekonèt enstitisyon yo gen gwo wòl pou jwe nan amelyore sekirite piblik, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou gwo angajman li pran pou enplemante refòm re-antre ki fè sans, nan tout eta nou an.”

Ane pase a, Gouvènè Cuomo te revele nouvo pwogram edikasyon kolèj sa a kòm etan yon pati nan tout yon seri refòm jistis kriminel ki fè sans, atravè Inisyativ Priorite Lejitim (Right Priorities Initiative) li a. Yo te lanse nouvo mezi a atravè yon patenarya, kòm yon fason pou pran fòfè byen kriminel Biwo Pwokirè Manhattan te sezi, e sèvi ak yo pou ede finanse yon gwo ekspansyon edikasyon siperyè andedan prizon Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS). Bay edikasyon nan prizon enpòtan pou prepare moun sa a pou li jwenn siksè lè li retounen osen kominote a, redui vitès residiv, e amelyore sekirite piblik.

Yon [etid The Rand Corporation te fè an 2013](#) te di moun ki patisipe nan pwogram edikasyon nan prizon gen 43 pousan mwens chans fè residiv ki pou remete yo nan prizon, e 13 pousan plis chans pou yo jwenn travay apre yo fin lage yo.

Prezantman, pifò pwogram edikasyon nivo kolèj nan prizon leta yo jwenn finansman nan men sektè prive a. Klas sa yo gen yon lis datant men longè, e souvan pa gen nòmalizasyon tout pwogram yo. Faktè sa yo anpeche plizyè prizònye fè gwo pwogrè ki pou ta pèmèt yo jwenn diplòm. Jounen jodi a, se yon ti kras pi plis pase 1,000 moun nan prizon Eta New York ki resevwa enstriksyon nivo kolèj chak ane. Pwogram Re-antre Kolèj-nan-Prizon an ap ogmante chif sa a de 500-600 pa ane grasa yon konbinezon sibvansyon CJII ak lajan yo matche. Patipan yo pral gen opòtinite resevwa enstriksyon nivo kolèj e jwenn yon BTS (Associate's Degree), yon lisans (Bachelor's Degree), oswa yon sètifika ki rekoni osen endistri an. Pou kalifye pou Pwogram lan, prizònye yo pa dwe gen plis pase senkan ki rete pou santans yo nan prizon an fini.

Kolèj ak inivèsite ki resevwa sibvansyon pou bay klas ak sèvis re-antre yo se:

- **Bard College**, nan etablisman koreksyonèl Taconic, Coxsackie, Eastern, Fishkill, Green Haven, ak Woodbourne;
- **Cornell University**, nan etablisman koreksyonèl Cayuga, Auburn, Elmira, ak Five Points;
- **Medaille College**, nan etablisman koreksyonèl Albion;
- **Mercy College**, nan etablisman koreksyonèl Sing Sing;
- **Mohawk Valley Community College, SUNY**, nan etablisman koreksyonèl Marcy;
- **New York University**, nan etablisman koreksyonèl Wallkill; e
- **Jefferson Community College, SUNY**, nan etablisman koreksyonèl Cape Vincent, Gouverneur, ak Watertown.

Enstiti CUNY pou Gouvènans onivo Leta e onivo Lokal (CUNY Institute for State and Local Governance), ki bay Biwo Pwokirè Manhattan nan asistans teknik pou tout CJII, pral travay avèk Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè a pou kontwole fonksyonman pwogram nan toulèjou, e l ap travay dirèkteman ak pwofesyonèl edikasyon yo.

Enstiti Re-antre Prizònye nan CUNY (CUNY Prisoner Reentry Institute), an kolaborasyon avèk Inivèsite Leta New York (State University of New York, SUNY), ap resevwa apeprè 2.37 milyon dola sou senkan pou travay kòm Kowòdonatè Edikasyon ak Re-antre pou Pwogram lan. Kowòdonatè Edikasyon ak Re-antre an ap sipèvize

planifikasyon pwofesyonèl edikasyon yo fè pou re-antre, epi ofri asistans teknik jan sa nesèsè; aliye kondisyon kou yo epi devlope antant pou atikilasyon/transfè ant kolèj ki jwenn finansman yo; devlope estanda pou kourikoulòm edikasyon prizònye Eta New York; epitou echanje pi bon pratik ak leson pwofesyonèl edikasyon yo aprann.

Direktè Egzekitif Enstiti CUNY pou Gouvènans onivo Leta e onivo Lokal, Michael Jacobson, di konsa, “Investisman sa a ap bay bourad ki enpòtan pou elaji pwogram kolèj-nan-prizon an, nan Eta New York, ki gen ladan etablisman DOCCS kote pa gen pwogram konsa ki egziste prezantman. Men youn nan aspè san parèy investisman sa a sèke li fèt pou li dire-travay kolèj yo pral fè osen Enstiti Re-antre Prizònye nan CUNY ak SUNY pral bay ankadreman ki enpòtan nan kad re-antre pou kontinye ede elèv yo menm lè sibvansyon an fini; I ap pran ka baryè sistemik ki anpeche siksè e souvan anpeche moun jwenn diplòm apre yo lage yo. Pwogram lan pral jenere tou dokiman enpòtan sou règleman, ki gen ladan estanda edikasyon ak yon seri pi bon pratik pou edikasyon nan prizon ak re-antre nan Eta New York; kolèj nan tout peyi a ka itilize dokiman sa yo pou ane k ap vini yo.”

Komisyone pa Entèrim Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè, Anthony J. Annucci, te deklare, “Grasa Gouvènè Cuomo, nouvo investisman finansye sa a, ki sòti nan men Pwokirè Manhattan, ouvè 2,500 plas anplis pou moun ka gen chans jwenn yon diplòm kolèj. DOCCS ap kontinye travay pou transfòme prizònye yo pou yo tounen sitwayen ki respekte lalwa, pandan I ap kreye yon anviwònman koreksyonèl ki gen plis sekirite.”

Ann Jacobs, Direktè Enstiti Re-antre Prizònye nan CUNY, di konsa, “Nou kontan fè pati inisyativ enpòtan sa a, espesyalman poutèt wòl nou kòm Kowòdonatè Edikasyon ak Re-antre. Devlope estanda pou edikasyon nan prizon nan tout eta a, e travay avèk pwofesyonèl edikasyon pou etabli akò transfè, pral pèmèt moun transfere kredi yo fasil nan lòt enstitisyon lè yo lage, pou yo ka kontinye fè pwogrè e fin fè edikasyon yo. Edikasyon nivo kolèj se yon eleman kle pou jwenn siksè sou mache travay la, sa ki enpòtan anpil pou sitwayen jwenn siksè lè yo retounen nan sosyete a apre yo lage, reyini ak fanmi yo, e re-entegre osen kominote an. N ap kontan travay kole-kole avèk DOCCS ak pwofesyonèl edikasyon yo pou ede prizònye yo jwenn aksè a kolèj e asire yo gen ankadreman yo bezwen pou reyisi lè yo retounen lakay yo.”

Depi I pran pouvwa, Gouvènè Cuomo te mete amelyorasyon sistèm jistis penal ak jistis jèn yo an priorite. Non sèlman Gouvènè an jwenn siksè nan jefò li fè pou ogmante laj responsabilite kriminel la a 18 an, pi bonè ane sa a, men Inisyativ li a, “Travay pou Siksè” (Work for Success Initiative), te ede plis pase 18,000 ansyen prizònye jwenn travay apre yo lage yo. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te fòme premye Konsèy leta pou Re-Antre e Re-entegrasyon Kominotè (Council on Community Re-Entry and Reintegration) an 2014 pou pran ka obstak ansyen prizònye yo konfronte lè yo retounen nan sosyete a. Depi lansman li, Konsèy la ede fè plizyè chanjman pou amelyore re-antre, sòti nan adopte prensip “Anbòch San Patipri” (“Fair Chance Hiring”) osen ajans leta, rive nan bay konsèy ki entèdi diskriminasyon baze sou kondanasyon sèlman pou lojman New York finanse.

Gouvènè a te fè anpil jefò tou pou konsantre sou ofri plis opòtinite edikasyonèl bay moun k ap re-antre nan sosyete a. Travay sa a te gen ladan ofri plis kou nivo kolèj nan

prizon, ogmante nivo alfabetizasyon nan prizon grasa idantifikasyon pwoblèm aprantisaj, e redui gwosè klas yo pou elèv adilt k ap aprann alfabetizasyon de baz.

Pwokirè Vance te etabli Inisyativ Envestisman Jistis Kriminèl la pou envesti lajan forfè kriminèl nan yon seri pwojè inovatè ki amelyore sekirite piblik, anpeche krim, e ankouraje yon sistèm jistis ki jis e efikas. Enstitisyon k ap aplike pou sibvansyon nan kad Pwogram Re-antre Kolèj-nan-Prizon an te dwe satisfè senten kondisyon yo te dekri nan yon demann pou pwopozisyon. Pami kondisyon sa yo, yo te gen pou ofri kou ki pèmèt jwenn yon BTS, yon lisans, oswa yon sètifika rekoni osen endistri a; bay yon match 1:1 pou prim total la (piblik, prive, e/oswa annespès); bay enstriksyon fas-a-fas ki menm kalite a sa yo bay sou kanpis lekòl la; ofri kou ki reponn a kondisyon konpetans mendèv emèjant; epitou konsevwa e mete an aplikasyon yon plan pou ede elèv yo fè tranzisyon soti nan prizon pou al viv nan kominote a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418